

Kesyon Moun Poze Souvan yo (FAQ)

Kisa DFTA My Ride la ye?

Pwogram pilòt My Ride Depatman Vil New York pou Moun Aje (DFTA) a bay woulib sou demann pou granmoun aje ak moun ki gen andikap yo. Patisipan yo pral kapab oswa pwograme oswa mande yon woulib an tan reyèl dirèkteman atravè yon aplikasyon pou telefòn epi yo pral resevwa yon alokasyon fon chak mwa.

Kiyès ki kalifye pou woulib yo?

Granmoun aje ki gen laj 60 ane ak plis, ak moun ki gen andikap ki gen laj 18 ane ak plis, ki ap viv nan Distri Kominotè (CD) yo pral kapab aplike: Queens 6, 7, 10, 12 ak 14; Bronx 4, 5, 8 ak 10; Brooklyn 5, 13, 15, 16 ak 17.

Pou kisa yo te chwazi Distri Kominotè sa yo?

Yo te chwazi distri Kominotè sa yo paske yo reponn ak youn oswa plis nan kritè ki annapre yo: pousantaj povrete ki wo, oswa gwo dansite granmoun aje ak moun ki gen andikap, oswa opsyon transpò limite, epi yo pa te patisipe nan okenn pwogram pilòt sou transpò DFTA a te ap dirije.

Ki dokimantasyon yo egzije pou verifye elijibilite mwen?

Si yo chwazi ou, ou pral egzije tout patisipan yo soumèt yon fòm idantifikasyon ke gouvènman bay pou yo kapab enskri. Prèk laj ak idantite ki akseptab yo gen ladan youn nan sa ki annapre yo:

- Lisans Chofè oswa Pèmi Aprann Depatman Veyikil Amotè Eta New York (NYS) la, oswa
- Kat Idantite ki Pa pou Chofè Depatman Veyikil Amotè NYS la, oswa
- Lisans Chofè oswa Kat Idantite ki Pa pou Chofè Depatman Deta Ameriken an, oswa
- Kat Idantite NYC, oswa
- Paspò, oswa
- Kopi Batistè ki gen So Ofisyèl

AK

Prèk rezidans nan yon zòn yo sible yo, pa egzanzp:

- Lisans Chofè oswa Pèmi Aprann Depatman Veyikil Amotè Eta New York (NYS) la, oswa
- Bòdwo Sèvis Itilite Piblik yo, oswa
- Kat Asirans, oswa
- Kat Enskripsyon Elektè

Anplis de sa, si yo chwazi ou, yo pral egzije **tou** patisipan ki gen laj 18 ak plis ki gen andikap yo bay prèv pou elijibilite pou yo enskri. Sa ki annapre yo se yon lis egzanp nan dokiman ki akseptab yo:

- Lèt atribisyon ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal, oswa
- Kopi nan Kat Idantite Access-A-Ride MTA, oswa
- Deklarasyon oswa lèt sou fèy a antèt yon pwofesyonèl medikal, oswa
- Deklarasyon, dosye, oswa lèt ki soti nan yon Ajans Eta pou Reyabilitasyon Pwofesyonèl (pa egzanp, ACCES-VR oswa NYSCB), oswa
- Sètifikasyon ki soti nan Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlòpmantal (OPWDD) Eta New York la ke aplikan an elijib pou resevwa sèvis ki soti nan yon pwogram li bay lisans, li ap opere, li sètitye, oswa li finanse; oswa, yon yon Kat Idantite ke OPWDD a bay, oswa
- Kopi yon Pèmi Paking Depatman Transpò Vil New York pou Moun ki Gen Andikap yo

Pandan konbyen tan pwogram pilòt la pral dire?

Dekwa pou li kapab sèvi pi plis moun New York posib pwogram lan, ke yo defini kòm egzekisyon ak evalyasyon, pral fonksyone pandan twa ane epi li ap gen ladan twa pwomosyon patisipan. Chak gwoup pral konpoze ak nouvo patisipan.

Kilè li ap kòmanse?

Aplikasyon pou patisipasyon nan pwogram lan pral disponib **soti septanm 13, 2021 rive oktòb 8, 2021. Woulib yo pral kòmanse nan dat novanm.**

Ki kote mwen kapab vwayaje ale?

Patisipan yo kapab mande yon woulib pou ale ak soti nan pwen ki nan senk awondisman yo, Konte Nassau ak Westchester. Yo kapab itilize *DFTA My Ride* pou nenpòt objektif, gen ladan randevou doktè yo, vizite fanmi ak zanmi, ale nan sipèmache oswa magazen pou achte yo.

Kisa alokasyon yo bay la ye? Èske mwen ap bwzwen peye yon bagay?

Chak patisipan pral resevwa yon alokasyon mansyèl pou dire kou a. Yo pral diskite detay sou alokasyon mansyèl la pral avèk moun yo chwazi yo. Patisipan yo pral resevwa enfòmasyon nan moman yo mande woulib la si yo te voye fon an nan kont yo a. Si genyen yon balans ki ensifizan nan kont lan, patisipan an pral genyen opòtinite davans pou aksepte responsabilite a pou diferans nan depans woulib la oswa anile woulib la.

Èske yo bay woulib nan wikenn, aswè ak nan jou konje?

Pwogram lan pral bay sèvis machin 24 èdtan pa jou/7 jou pa semèn epi li pral aksepte rezèvasyon davans ansanm ak demann pou sèvis imedyà.

Kijan mwen kapab mande yon woulib?

Patisipan yo pral genyen plizyè opsyon pou mande yon woulib. Yo kapab mande woulib yo atravè aplikasyon telefòn pou itilizatè iPhone aj Andwoyid, atravè sitwèb la oswa lè yo rele nan telefòn.

Èske poubwa tou ladan?

Tout depans ki asosye avèk transpò yo kouvri, gen ladan poubwa ak frè peyaj yo.

Èske yon lòt moun kapab vwayaje avèk mwen?

Yo pap chaje moun ki akonpanye patisipan an yon frè anplis. Sepandan, kantite moun ki akonpanye patisipan an pa dwe depase kapasite chèz ki nan veyikil yo bay la.

Èske gen disponibilite pou vwayaj ale retou?

Patisipan yo pa pral kapab rezève yon woulib ale retou, sepandan, yo kapab mande yon woulib ki soti nan pozisyon yo ap depoze yo.

Kijan pou mwen aplike?

Aplikasyon yo pral aplike anliy pou pwogram *DFTA My Ride* la. Yo kapab jwenn aplikasyon yo nan www.nyc.gov/aging/myride. Tanpri swiv enstriksyon yo epi ranpli aplikasyon an konplètman.

Si ou soumèt li pa lapòs, tanpri tann uit (8) jou apati dat ou te voye aplikasyon an pou li rive. Nou pa responsab pou aplikasyon ki pèdi nan lapòs yo oswa ki rive apre delè a. Tanpri voye lèt lapòs nan:

NYC Department for the Aging
DFTA My Ride
2 Lafayette Street, 2nd Floor
New York, New York 10007

Yo pral egzije tout aplikan yo soumèt dokimantasyon pou verifye laj, andikap ak rezidans si yo chwazi yo pou patisipe.

Kisa opsyon veyikil yo ye? Èske ou genyen Veyikil ki Aksesib pou Chèz Woulant (WAV)?

Ni Veyikil ki Aksesib pou Chèz Woulant yo (WAV) ak veyikil estanda yo pral disponib pou demann. Patisipan yo pral kapab endike si wi oswa non yo bezwen yon machin ki aksesib pou chèz woulant lè yo ap kreye pwofil yo a nan aplikasyon an, sitwèb la oswa telefòn lan.

Èske yo otorize bèt sèvis yo?

Wi, lwa, règ oswa règleman Vil, Eta a oswa Federal yo pwoteje nenpòt moun ki gen yon bèt sèvis kont diskriminasyon nan akomodasyon piblik yo.

Kijan epi ki lè yo pral avèti aplikan yo sou chwa yo a?

Yo pral chwazi aplikan ki elijib yo pa aza atravè yon sistèm lotri pou yo patisipe nan pwogram lan. Yo pral plase aplikan yo pa chwazi yo sou yon lis datan epi yo ap avèti yo si yon plas vini disponib. Yo pral avèti aplikan ke yo chwazi pou patisipe nan pwogram pilòt la nan **pa fen Oktòb nan kòmansman Novanm 2021**, pa imèl ak/oswa pa lapòs, avèk enstriksyon sou fason pou yo enskri nan pwogram lan.